

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedarna ngeunan (1) Desain Panalungtikan, (2) Sumber Data, (3) Instrumen Panalungtikan, (4) Prosedur Panalungtikan, (5) Téhnik Ngumpulkeun data, jeung (6) Analisis Data.

3.1 Désain Panalungtikan

Pamarekan metodologis nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta pamarekan kuantitatif, kalayan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén. Dina ieu panalungtikan desain nu digunakeunna nyaéta *Pre-Experimental Desain* sabab teu ngagunakeun kelas kontrol. Nurutkeun Sugiyono (2017., kc 75). *Pre-Experimental Desain* mangrupa hiji desain anu teu kaasup kana ékspérimén bener, sabab masih aya variabel anu kapangaruhan ku variabel séjénna

Dumasar kana pedaran di luhur, bisa dicindekeun yén desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta *One Grup Pre-test-Post-test Desain*. Nu hartina tés anu baris dilaksanakeun dina ieu panalungtikan téh dilaksanakeun dua kali, nyaéta saméméh ékspérimén (*pre-test*) jeung sabada ékspérimén (*post-test*). *Pre-test* dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh dilarapkeunna média *teleprompter*, tuluy *post-test* dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada treatment nu geus dilaksanakeun saacanna. Saacan kana *post-test* siswa diselingan heula ku treatment ku média *teleprompter* sangkan ngalatih kamampuh siswa. Sabada treatment kakara dilaksanakeun *post-test*.

Tabél 3. 1
Desain Panalungtikan

<i>Pre-Test</i>	<i>Treatment</i>	<i>Post-test</i>
O ₁	X	O ₂

(Sugiyono, 2017., kc. 75)

Katerangan:

O₁ = *pre-test* (kamampuh awal maca warta saméméh larapna média *teleprompter*)

X = *treatment* (pangajaran ngagunakeun média *teleprompter*)

O₂ = *post-test* (kamampuh maca warta siswa sabada ngagunakeun média *teleprompter*)

3.2 Sumber Data Panalungtikan


Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII SMP Miftahul Iman. Lokasi sakolana nyaéta di Jln. Dr Setiabudhi No. 179/171 A Bandung 40154. Jumlah siswa kelas VIII aya 26 urang. 15 awéwé jeung 11 lalaki. Nu mangrupa data dina ieu panalungtikan nyaéta data kamampuh maca warta siswa.

Tabél 3. 2
Sumber Data Siswa kelas VIII SMP Miftahul Iman

Kelas	Wanda Boga	Jumlah
VIII	Lalaki	11 siswa
	Awéwé	15 siswa
Jumlah		26 siswa

3.3 Prosedur Panalungtikan

Pamarekan dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif kalayan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain nu larapkeunna nyaéta desain one grup- *pre-test* and *post-test*. Anapon bagan prosedur panalungtikanna saperti ieu di handap.



Bagan 3. 1
Prosedur Panalungtikan

Dumasar kana bagan di luhur, léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

a. Masalah anu Karandapan dina Pangajaran Maca Warta

Dina ieu tahapan panalungtik ngayakeun survey ka SMP Miftahul Iman salaku sakola tempat panalungtikan. Survey nu dilaksanakeun pikeun mikanyaho masalah nu karandapan ku siswa dina pangajaran warta. Ieu hal téh dilaksanakeun di kelas VIII, saluyu jeung kurikulum 2013 revisi 2017 yén.

b. Rumusan Masalah

Sabada masalah nu karandapan kapanggih jeung diidentifikasi, panalungtik nyieun rumusan masalah dumasar kana pasualan anu karandapan nyaéta kamampuh siswa dina pangajaran maca warta di kelas VIII SMP Miftahul Iman.

c. Raraga Tiori

Sabada ngarumuskeun masalah, panalungtik nangtukeun tiori anu ngarojong kana panalungtikan.

d. Ngarumuskeun Hipotésis

Sabada nangtukeun tiori nu ngarojong, tuluy panalungtik ngarumuskeun hipotésis. Hipotésis mangrupa jawaban anu miboga sipat sementara sabada kapanggih jawaban pasti tina hasil panalungtikan.

e. Ngarumuskeun Instrumén

Sabada ngarumuskeun hipotésis, panalungtik ngarumuskeun Instrumén nu baris digunakeun. Instruménna mangrupa soal *pre-test* jeung *post-test* ogé angkét.

f. Ngumpulkeun Data

Sabada masalah anu karandapan ku siswa kelas VIII SMP Miftahul Iman taun ajar 2021/2022 kapanggih, tuluy dilaksanakeun panalungtikan. Panalungtikan miboga fungsi tina panalungtikanna nyaéta pikeun meunangkeun data. Téhnik nu digunakeunna nyaéta téhnik tés, anu dilaksanakeun dua kali. Nu kahiji macakeun warta saméméh ngagunakeun média *teleprompter*. Nu kadua macakeun warta sabada ngagunakeun média *teleprompter*. Salian ti ngalaksanakeun *pre-test* jeung *post-test*.

g. Analisis Data

Sabada data kakumpul ngaliwatan tés ka siswa satuluyna éta hal téh dianalisis ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik dina aplikasi *SPSS Statistic 25*.

h. Nyusun Laporan Panalungtikan

Sabada ngalaksanakeun sakabéh prosedur, satuluyna panalungtik nyusun laporan panalungtikan

3.4 Instrumen Panalungtikan

Sugiyono (2016, kc. 102) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh mangrupa hiji alat nu digunakeun pikeun ngukur hal-hal nu keur ditalungtik sacara leuwih spesifik nu disebut variable panalungtikan. Dina ieu panalungtikan Instrumén nu dipakéna nyaéta tés.

Tés nu dilaksanakeun mangrupa tés lisan anu didokumentasikeun dina hasil video. Siswa ngalaksanakeun tés lisan dua kali, nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Anapon tés nu kahiji pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa (*pre-test*) maca warta, nu kadua nyaéta *post-test* pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ngagunakeun média *teleprompter*. Ieu di handap mangrupa soal tés anu dibérékeun ka siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *teleprompter*.

Tabél 3. 3
Instrumén Tés Maca Warta

<p>Paréntah: Pék pilih salasahiji téks warta ieu di handap, Tuluy bacakeun ku hidep!</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Dorokdok Katuangan Has Garut 2. Cianjuran jeung Rumaja 3. Hapmi Jabar Eksis Deui 4. Bésék, Wawadagan tina Awi Titinggal Baheula <p>Jieun ku hidep dina wangun vidéo tuluy kirimkeun WA, 085703029578</p>

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun nyaéta tés. Wanda tés nu digunakeun mangrupa tes lisan, wangunna mangrupa tés maca warta ka siswa kelas VIII SMP Mifthaul Iman.

Tés dilaksanakeun dua kali nyaéta *pre-test* jeung *post-test*. Dina ngumpulkeun data dibagi jadi dua, nyaéta saméméh jeung sabada ngalarapkeun média *teleprompter* dina pangajaran maca warta. Tés awal (*pre-test*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina maca warta, sedengkeun tés akhir

(*post-test*) dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa sabada ngagunakeun média *teleprompter*.

Aya sababaraha léngkah nu kudu dilakonan pikeun ngumpulkeun data ngaliwatan tést, nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré pancén maca warta anu mangrupa *pre-test*. Ieu pancén maca warta téh pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa dina maca warta.
- 2) Sabada panalungtik mikanyaho kamampuh awal siswa, satuluyna nyaéta nataharkeun kabutuhan nalika pangajaran maca warta ngagunakeun média *teleprompter*.
- 3) Méré gambaran ogé conto ngeunaan maca warta ngagunakeun média *teleprompter* dina lumangsungna panagajaran. Ieu kagiatan téh disebut *treatment*.
- 4) Sabada siswa *treatment*, siswa dibéré deui pancén maca warta ngagunakeun média *teleprompter*. Éta hal téh mangrupa *post-test*. Ieu pancén piken mikanyaho kamampuh siswa sabada dibéré *treatment*.

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téhnik Analisis Data

Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah analisis data dina ieu panalungtikan dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

a. Mariksa Hasil Maca Warta *Pre-test* jeung *Post-test*

Dina nangtukeun peunteun siswa, kudu aya pedoman pikeun tatapakanna. Sababaraha aspék nu dipeunteun dina pangajaran maca warta nyaéta lentong, wirahma, artikulasi, jeung ékprési. Ieu aspék téh dijadikeun pedoman pikeun tatapakan dina meunteun maca warta *pre-test* jeung *post-test*.

Tabél 3. 4
Kritéria Méré Skor Tés Maca Warta

NO	Aspék Penilaian	Skala	Kategori	Indikator
1	Lentong	1	Kurang Pisan	Lentong teu béntés tur merenah
		2	Kurang	Lentong kurang béntés tur merenah
		3	Sedeng	Aya lentong nu rada kurang béntés tur merenah
		4	Hadé	Lentong rada alus, teu méngpar, méh sampurna
		5	Hadé Pisan	Lentong alus sampurna
2	Wirahma	1	Kurang Pisan	Anca teuing nepi ka ngayayay/gancang teuing, can bisa ngatur sora lebar mana kudu tarik jeung lebar mana kudu laun
		2	Kurang	anca-gancangna kurang, kurang bisa ngatur tarik-alonna sora
		3	Sedeng	Anca-gancangna rada alus, rada kurang dina ngatur tarik-alonna sora
		4	Hadé	Geus bisa ngatur anca jeung gancangna maca, geus alus dina ngatur tarik-alonna sora
		5	Hadé Pisan	Anca-gancangna maca geus alus sampurna, ngatur tarik jeung alonna sora geus alus pisan.
3	Artikulasi	1	Kurang Pisan	Artikulasina teu jelas pisan, sorana teu kadénggé, teu puguh randeganana
		2	Kurang	Artikulasina kurang jelas, sorana kurang kadénggé, can bisa nangtukeun randeganana
		3	Sedeng	Artikulasina rada kurang jelas, sorana kurang kadénggé, can pati bisa nangtukeun randeganana
		4	Hadé	Artikulasina geus hadé, sorana jelas, puguh randeganana
		5	Hadé Pisan	Artikulasina geus hadé pisan, sorana jelas, randeganana sampurna
4	Ekspresi	1	Kurang Pisan	Henteu ékspresif, henteu tenang, jeung grogi
		2	Kurang	Kurang ékspresif, kurang tenang, grogi
		3	Sedeng	Cukup éspresif, cukup tenang, rada gorgi
		4	Hadé	Bisa ékspresif, ngadeukeutan sampurna, henteu grogi

Meita Salma Salsabila, 2022

MÉDIA TELEPROMPTER PIKEUN NGARONJAT KEUNCIAN AMPUH MACA Ékspésif pisan

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

b. Tabulasi Data

Peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina table ieu di handap.

Tabél 3. 5
Katégori Penilaian

Siswa (No. Absen)	Kamampuh Maca Warta						Kategori
	A	B	C	D	Σ	P	
Σ							
Rata-rata							

Keterangan:

A = Lentong

B = Wirahma

C = Artikulasi

D = Ekspresi

Σ = Jumlah

P = Peunteun

c. Méré Peunteun Kana Hasil Maca Warta Siswa, pikeun Nangtukeun Skor Ahir

Dina méré peunteun kana kamampuh maca warta siswa, kudu ayana rumus pikeun nangtukeun skor ahir. Rumus anu digunakeunna saperti ieu di handap.

$$\frac{\text{Jumlah Skor}}{\text{Jumlah Skor Maksimum}} \times 100 =$$

Dina ngukur kamampuh ahir siswa diayakeun rentang katégori penilaian. Rentang penilaian miboga fungsi pikeun acuan peunteun siswa, anu dibagi jadi katégori kurang pisan, kurang, sedeng, hadé, atawa hadé pisan. Sangkan leuwih jéntré ieu di handap mangrupa rentang nilai kamampuh siswa.

Tabél 3. 6
Katégori Penilaian

Katégori Penilaian	
0-25	Kurang Pisan
26-40	Kurang
41-60	Sedeng
61-80	Hadé
81-100	Hadé Pisan

d. Analisis Kamampuh Maca Warta Saméméh jeung Sabada Ngagunakeun média *teleprompter*

Dina ieu hal medar hasil analisis *Pre-test* kamampuh maca warta siswa saméméh ngagunakeun média *teleprompter*, *post-test* kamampuh maca warta siswa saméméh ngagunakeun média *teleprompter*. Dumasar kana aspék-aspék anu dipeunteun, hasil kamampuh maca warta siswa diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3. 7
Analisis Kamampuh Siswa Saméméh jeung Sabada Ngagunakeun
Média *Teleprompter*

NO	<i>Pre-test</i>						<i>Post-test</i>					
	A	B	C	D	Σ	P	A	B	C	D	Σ	P
1.												
2.												
...												
Σ												
P												

Keterangan:

A = Lentong

B = Wirahma

C = Artikulasi

D = Eksprési

Σ = Jumlah

P = Peunteun

3.6.2 Uji Sipat Data

Pikeun nganalisis data dina ieu panalungtikan baris ngagunakeun program SPSS Versi 25. Uji sipat data anu digunakeun miboga fungsi pikeun nangtukeun uji statistika atawa non parametrik. Uji sipat nu dilaksanakeun ngawengku uji normalitas jeung hipotésis.

Uji normalitas miboga tujuan mikanyaho distribusi data dina variabel anu digunakeun dina panalungtikan. Data anu disebut distribusina normal nyaéta data anu alus jeung layak digunakeun dina panalungtikan.

Pikeun nangtukeun sipat data normal atawa henteu normal bisa ngagunakeun uji *Shapiro Wilk*. Pikeun nguji hipotésis normalitas data dina ieu panalunbtikan saperti ieu di handap.

H_0 = data miboga distribusi normal

MÉDIA TELEPROMPTER PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH MACA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

H_1 = data miboga distribusi henteu normal

Uji normalitas dilaksanakan ku cara uji *Shapiro Wilk*, ku taraf signifikan 95% ($\alpha=0,05$). Kriteria ngujina saperti ieu di handap.

H_0 diterima, lamun nilai sign (signifikansi)

3.6.3 Uji Hipotésis

Hipotésis mangrupa jawaban nu sipatna saheulaanan ngeunaan rupa-rupa pasualan anu aya dina hiji panalungtikan, nepi ka aya bukti ngaliwatan data nu geus dikumpulkeun. (Sugiyono, 2016 kc. 64). Hipotésis dina panalungtikan kudu dirumuskeun sacara singget anu nunjukeun patalina dua atawa leuwih variabel. Éta hal téh dirojong ogé ku tiori nu ditétélakeun ku para ahli.

Dina ngalaksanakeun uji hipotésis ngagunakeun statistik parametrik, lamun distribusi datana normal. Saupama distribusi datana teu normal, uji hipotésis nu dilaksanakeunna nyaéta statistik non-parametrik. Uji hipotésis anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun *t-test program SPSS PASW Versi 25*. Acuan anu dijadikeun dasar kaputusan *t-test* nyaéta nilai *signifikansi (sign)*. Léngkah anu pangmimitina nyaéta nangtukeun hipotésis saperti ieu di handap.

- 1) H_0 (Hipotésis nol) = teu aya béda anu signifikan antara kamampuh maca warta siswa kelas 8 di SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022 saméméh ngagunakeun média *teleprompter*.
- 2) H_1 (Hipotésis alternatif) = aya bédana anu signifikan antara kamampuh maca warta kelas 8 di SMP Miftahul Iman Taun Ajar 2021/2022 sabada ngagunakeun média *teleprompter*.

Dumasar kana hipotésis di luhur, kriteria ngujina saperti ieu di handap.

- H_0 ditarima atawa H_1 ditolak. Upama nilai sign (signifikansi) $\geq 0,05$
- H_1 ditarima atawa H_0 ditolak. Upama nilai sign (signifikansi) $\leq 0,05$